

Chè elèv ak fanmi,

Mwen ekri jodia pou mwen ba w asirans Depatman edikasyon Vil Nouyòk (NYCDOE) ak Biwo majistra a pran angajman pou pwoteje dwa elèv ak fanmi pou ale nan lekòl leta, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo. Kèlkeswa sa ki rive a onivo federal, noumenm kòm yon vil rete kanpe solid nan angajman nou pran pou kenbe TOUT elèv, ladan elèv ki pa gen papyè, an sekirite nan lekòl nou yo.

Nou pran fyète dèske Vil Nouyòk se yon vil imigran. Paran, elèv, direktè lekòl, pwofesè, ak anplwaye imigran nou yo se yon eleman esansyèl ak dinamik nan sistèm nou an, epi nou bay chak grenn nan nou anpil valè.

Dokiman ki vini avèk lèt sa a, ki gen tit "[Pwoteksyon pou fanmi imigran nou yo](https://schools.nyc.gov/protectingimmigrantfamilies)" [schools.nyc.gov/protectingimmigrantfamilies], bay detay sou tout efò NYCDOE ak Vil Nouyòk ap fè pou akeyi ak pwoteje fanmi imigran nou yo.

Gen yon pati enpòtan nan dokiman sa a mwen ta renmen nou souliye. **NYCDOE pa bay konsantman pou ajan ranfòsman lalwa ki pa ajan lokal, ladan ajan Ranfòsman Ladwàn ak Imigrasyon (Immigration and Customs Enforcement, ICE) pou antre nan bilding nou yo.** Nou pran detèminasyon pou pwoteje dwa fanmi imigran anndan lekòl nou yo, menm pandan ete a piske elèv nou yo ale nan lekòl ete ak nan pwogram ete nan lekòl nou yo, kote yo pran avantaj tou manje pandan ete ak plis ankò. Lè elèv nou yo retounen lekòl pou otòn lan, n ap kontinye defann dwa yo pou yo vin lekòl kèlkeswa sitiyaasyon yo.

Pou plis enfòmasyon sou sipò NYCDOE ofri pou fanmi imigran, anmèmtan sou konsèy ki gen rapò avèk ranfòsman lwa ki pa lokal yo, ale sou www.schools.nyc.gov/supportingimmigrantfamilies. Si w gen enkyetid sou kisa règleman federal ka vle di pou ou ak pou fanmi w, rele ActionNYC nan 1-800-354-0365 pou resevwa èd legal gratis ak an sekirite.

Menm si oumenm oswa fanmi w te vini depi 100 ane oswa 100 jou — se Nouyòkè ou ye — epi nou kanpe avèk ou.

Nan inite,

Richard A. Carranza, Chancellor